# SAP ARALAS JANRDAĠI OCHERKLER

**Paluanov B.**
*Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

1924-jılı dáslepki gazetası basılıp shıqqan Qaraqalpaqstan baspasózi ádebiyattan bólinip shıqqan bolsa, dáwir hám waqıt talaplarına say rawajlanıwdı bastan keshirip kelmekte. Internettiń payda bolıwı, jasalma aqıldıń júzege kelgeni menen elege shekem auditoriya gazeta – jurnallar menen ádebiy kitaplar oqıwdı toqtatpadı. Jurnalistika menen ádebiyat biri-birine jaqın bolġanı menen, olardıń jámiyette atqaratuġın wazıypaları hár qıylı. Biraq, usı dóretiwshilik túrleriniń birigip, aralasıp, bazda qarısıp ketetuġın payıtarı ushırasadı. Ásirese, sońġı payıtta jáhán tájiriybeleri negizinde payda bolıp atırġan, aralas janrdaġı shıġarmalar gazeta oqıwshılarınıń da, kitap oqıwshılarınıń tilek-usınislarına say jumıs islewge ótpekte. Biz bunday qubılıslardı kórkem-publicistikalıq janrlar mısalında kóremiz.

Jurnalistika menen kórkem ádebiyattıń aralasıwı qubılısın professor Quwanıshbay Orazımbetov óziniń monografiyasında unamlı bahalaydı: «Sońġı dáwirde ádebiyatımızda ocherk-esse, povest-esse, roman-esse h.t.b. usı sıyaqlı qospaq janrdaġı jańa dóretpeler kóbeyip barmaqta. Durıs, ádebiyatta janrlardıń diffuziyalasıwı (aralasıwı) unamlı qubılıs, máselen, bunday jańalıqlar házirgi orıs, ukrain ádebiyatında hám ádebiy sınında jazıwshılardıń dóretiwshilik izlenisleriniń nátiyjesi sıpatında qaralıp, ádebiyatta biografiyalıq materialdıń sáwleleniwiniń jańa aralas formalarınıń, yaġnıy, roman-esse, roman-izlenis, povest-esse, povest-sayaxatnama, epostolyar povest h.t.b sıyaqlı janrlardıń rawajlanıwı usı kózqarastan bahalanbaqta.

Ocherkler forması jaġinan túrlerge ajıraladı: sap aralas, jasırın aralas hám sap ocherkler. Biz bul ilimiy maqalamızda sap aralas janrındaġi ocherklerge toqtamaqshımız. Qaraqalpaqstan baspasózinde járiyalanıp atırġan ocherklerdi analizlegenimizde, olarda mınaday sap aralas janrdaġı ocherklerdiń barınıń gúwası boldıq.

**Ocherk-intervyu**. Журналист Тәңирберген Худайбергеновтың «Дәртиңизди айтыңыз, жолдас министр…» [1] деген темадағы очерк-интервью жәрияланды. Onda avtor jurnalistika janrlarınıń ishindegi eń kóp isletiletuġın intervyuo janrı menen kórkem ádebiyattaġı ocherk janrların qaristırıp, jurnal ushın dóretpe tayarlaġan. «Министрлерде де дәрт бола ма екен?» деп, биразлардың мырс-мырс күлетуғыны турған гәп. Бирақ, биз буған итибар бермеймиз. Тыңлай билген қулаққа, министрдиң де өзине тән дәртлери, ишки дебдиўлери болады. Лекин, ҳәммесинде емес. Себеби, халқына айтып, дәртине даўа излейтуғын министрлер шендешен.» деп баслайды.

Jurnalist-jazıwshı dóretpede jurnalistikadaġi avtorlıq “men” menen ádebiyattaġi qaharmandı biriktirip, ekewine de teńdey júk júklegen. Máselen, avtor dáslep ocherk janrınıń ózgesheliginen kelip shıġıp, qaharmanınıń portretin sızġanı menen, arasında intervyuo janrına tán qaharman menen soraw-juwapqa ótedi. Bul usıl jurnalistikadaġi jaqsı tájiriybe dep esaplaymız, ol auditoriyanı hesh jalıqtırmaydı. Piblicist wazıypası jámiyetlik piker oyatıw, onı qáliplestiriw, eń baslısı usı jollar arqalı adamlar sanasın tásir etiwden ibarat. Baspasózimizdegi ocherk janrındaġi shıġarmalar ishinde kózge túsken forma ocherk-elegiya boldı. Publicist-jazıwshı Orazbay Ábdiraxmanovtıń “Razı bol, Dámegúl” [2] degen temadaġi ocherk-elegiyası da joqarıda qarap otken ocherkke tán bólimlerge ajıratılıp jazılgan. Kórkem ádebiyatta elegiya mazmunındaġi shıġarmalar kóp ushıraydı. Elegiyada negizinde, “qaharmannıń ishki kewil – kúyin tereńnen sáwlelendiriwshi lirikalıq poeziyanıń bir túri… Elegiyalıq shıġarmalarda oġırı qayġılı jaġdaylar, filosofiyalıq oylar hám qaharmanlardıń keshirgen azap-aqıbetlerin beriw kúsheydi.” [3] Publicist-jazıwshı qaraqal xalqının perzenti, belgili súwretshi marhum haqqında jazġan. “Ol shayır emes edi, biraq ta qosıq jazdı. Ol shayır emes edi, ol Dámegúl Berdimuratova, qaraqalpaq skulptura ónerin baslaġan dáslepki qız edi…”

Avtor eki janrlıq formanı biriktiriw ushın dóretpeni bólimlerge bólgen hám hár bólimge óz wazıypaların bekitken. Avtordiń bir sóz dizbeklerin qayta-qayta keltiriwi de kórkemlik izlenisi dep bilemiz. Máselen, “Usı qosıqtı da Dámegúl jazdı, biraq, ol shayır emes edi…”, “Yaq, ol shayır emes edi, biraq ta usı qosıqtı da ózi jazdı…”

Publicist-jazıwshı ocherkten góre, elegiyalıq mazmunġa kóbirek itibar qaratqan: “Biraqta, ol shayır emes edi, al dártli insane di. Ol óziniń qosıqların jaqın-juwıqlarınan ózge adamlarġa kórsetpepti hám bunısı durıs bolġan dep oylayman.” – dep avtor ózinın shıġarmadaġi rolin kórsetken. Shıġarma juwmaġına kele, avtorlıq bayanlaw basil orınġa shıġadı: “Yaq, ol shayır emes edi, al onıń shtpaqlaġan orısha-qaraqalpaqsha qosıqların úzip-julıp sizlerge usınıp otırġan men de shayır emes edim. Sonda da qosıq qatarların ebin-jorıq doretkenime keshirim sorayman.” Bul tákirarlanıwlar adamlarda emociyalıq hám ekspresivlik tásirdi kúsheytedi degen oydamız [4].

Allambergen Nurniyazovtıń “Háyyiw esitpegen bóbekler” [5] degen temadaġı dóretpesi “Ocherk-esse” janrında jazılgan. Dóretpede avtor hám qaharman qatnasadı. Bul dóretpede avtordıń pikirleri basil orınġa shıqsa da, avtor shıġarma basında mınaday jazġan: “Bul ocherkti jazıw meniń hátte túsimede enip shıqqan emes. Ońımda bolsa, ol haqqında sirá oylamaġan edim. Bári kútilmegende, tosattan júzege keldi”. Shıgarma 7 bólimge bólingen. Hár bir bólim óz aldına temaġa ajıratılġan. Biziń pikirimizshe, eń sońġı eki bólimi “Olar jetimlerge sirá uqsamaydı” menen “Qırıq úsh balalı Ana” ocherk janrına tán faktlerden ibarat. Eń sońġı bólimde Qazna Mafreymova haqqında sóz etken.

Avtor dóretpe sońında esse janrına tán óziniń subektivlik pikirlerin bergenı, analardın hám balalardın ómirdegi ornı menen atqaratuġın xızmetlerine ayrıqsha toqtaġan.

Aralas janrındaġi doretpelerdi geyde jurnalistler, bazıda jazıwshılar jazbaqta. Olar prozalıq, lirikalıq, publicistikalıq imkaniyatlardı biriktirip, auditoriyaġa tartımlı, mazmunlı, qunlı shıġarmalar usınıp kelmekte. Bunday shıġarmalardıń auditoriyaġa tásirin oqıwshılar qáwiminiń bahasınan biliwge boladı.

**ӘДЕБИЯТЛАР**

1. «Әмиўдәрья» журналы, 1991, №4, 3-14 бетлер.

2. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1998-жыл, 28-февраль. №26.
3. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. −Нөкис, Билим, 1994. 234-бет.
4. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 1998-жыл, 28-февраль. №26.
5. «Әмиўдәрья» журналы, 2004-жыл, №1, 119-124 бетлер.

**Резюме**. Мақалада очерк жанрының өзине тән өзгешеликлери анализ етиледи.
**Таяныш сөзлер**: очерк, публицистика, жанрлық форма, sap aralas janrı
**Резюме.** В статье анализируются особенности жанра очерка.
**Ключевые слова:** очерк, публицистика, жанровая форма, чисто смешанный жанр
**Summary.** The article analyzes the specific characteristics of the essay genre.
**Key words**: essay, journalism, genre form, pure mixed genre

---